Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 23 (6859) 13 июнь 2023 с. Итни ЗулкъагIида 1444 с. Багьа - эркенаб




БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## Россиялъул къо кIодо гьабуна

### Бакълъулазе паспортал кьуна


















**Бакълъулазул районалъул администрациялъул дандеруссиназул кIалгIадухъ араб анкьалъ Россиялъул къоялъул хIурматалда рохалилаб тадбир тIобитIана. Гьенир гIахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповас, гьесул заместителал ГIалихан ДавудхIажиевас, МухтарахIмад АхIмадовас, Бакълъул мухъалда бугеб «Рагъулаб вацлъи» жамгIияб идараялъул нухмалъулев МухIамадрасул Сулеймановас, СВОялдаса тIадвуссинчIев Шамил Насрулаевасул вац ХIажиимурад Насрулаевас, МелъелтIа росдал аслияб школалъул директор Зульфия ХIажимурадовалъ, районалъул хIаракатчагIаз. Тадбир бачана «Гумбет» басмаялъул жавабияй секретарь Зугьра ГIабдулкъадировалъ.**

Баркиялъулаб кIалъаялда Гъалип Гъалиповас баян гьабуна гIемер миллатаз гIумру гьабулеб кIудияб улка букIин Россия. «Жакъа нилъеца кIодо гьабулеб буго нилъерго кIудияб ВатIан – Россия. 12 июнь – Россиялъул къо, гIолохъанаб пачалихъияб байрам. Гьеб буго гIемермиллатазулаб улкаялъул цолъиялъул гIаламат.

Нилъер умумуз, рухIалда барахщичIого, цIунана ва цебетIезабуна улка. Гьелъул букIинеселъе гIоло къеркьана фашизмалъул рахъ ккуралгун. Жакъаги Россиялъ хIаракат бахъулеб буго инсаният неофашизмалдаса эркен гьабизе. Украинаялда тIобитIараб хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъарал бакълъулаз бихьизабулеб буго ВатIан бокьиялъул мисал.

ХIурматиял бакълъулал, баркула нужеда Россиялъул къо, гьарула щивав гражданинасе цебетIей. Пачалихъалъул гIадамазул цебетIей – тIолго Россиялъул цебетIей. ЛъикIлъаги гIумрудул шартIал, цIикIкIаги щивасулъ ВатIаналдехун рокьи», - ян абуна Гъалип Гъалиповас.

Россиялъул къо кIодо гьабураб тадбиралда гьитIинал бакълъулазе кьуна улкаялъул аслияб документги. Паспорт щвей гIолилазда баркана муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповас, Россиялъул ОМВДялъул Бакълъул мухъалда бугеб миграционнияб пункталъул нухмалъулев Шамил ГIисаевас, ДРялъул районалда бугеб МФЦялъул филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас.

Россиялъул къоялъул хIурматалда тадбирал тIоритIана муниципалитеталъул батIибатIиял росабалъги.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Ахихъабазе курак баччизе кумек гьаби, проектал нухдаинари...

### Анкьил хIасилал гьаруна

**Бакълъул районалъул нухмалъулесул заместитель ГIалихан ДавудхIажиевасул бетIерлъиялда федералиял ва республикаялъулал проектал гIумруялде рахъинариялъул суалал гьоркьор лъураб данделъи тIобитIана. Дандеруссиналда гIахьаллъана районалъул бетIерасул заместитель МухтарахIмад АхIмадов ва цогидал.**

Бакълъул районалъул архитектураялъул, бакIал раялъул ва ЖКХялъул идараялъул нухмалъулев ХIажимурад АхIмаднабиевас баян гьабуна муниципалитеталде «Дагъводсервис» ДРялъул ГКУялъул вакилзаби рачIин. Гьесул рагIабазда рекъон, ГIанди гIурул рагIалда сангар базе буго, гьединго районалде рачIарал гьалбадерица ЧIиркъатIа, ЛъаратIа, Игьали росабалъ тIурал бакIазул актал гьаруна.

Росдал магIишаталъул, экономикаялъул ва буголъиялъулаб гьоркьоблъабазул управлениялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимовас бицана «Управление» ГАСалда хъвай-хъвагIай гьабиялъул, роолил мучIдузде гIи-боцIи гочинабиялъул ва гь. ц.

«Балъхъадерил заводалде курак кьолел бакълъулазе транспорталдалъун кумек гьабизе буго. Лъалъадиялъул рахъал цIигьариялъул хIалтIабаздеги кIвар кьезе буго. «Гадаринский» СПКялъ гIахьаллъи гьабулеб буго «Борщевой набор» абураб ва цогидал проектазулъ», - ян бицана ГIабдулхIалимовас.

Гьединго цогидал идарабазул нухмалъулезги рехсана анкьил хIалтIул хIасилазул. Дандеруссиналъул ахиралда ГIалихан ДавудхIажиевас рорхарал суалазда тIасан рекъон кколел тIадкъаялги кьуна.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Школазда капремонт гьабулелгун дандчIвана Гъалип Гъалипов

- 2 гьум.



Муртаза Эфендиев – ДРялъул Минобрнаукаялъул экспертнияб гIуцIиялъул гIахьалчи

- 2 гьум.



Килалъа Анас МухIамадов мазгарул медалалъе мустахIикълъана

- 2- гьум.



НурухIма МухIамадов харабахъе щвана

- 3- гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# Школазда капремонт гьабулелгун дандчIвана Гъалип Гъалипов

### ЦIалул идараби къачIазе – 130 млн гъурущ

**Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалипов дандчIвана федералияб программаялда рекъон МелъелтIа ва ТIад Инхо росабалъ школазда капиталияб ремонт гьабиялъул хIалтIаби тIаде росарал идарабазул вакилзабигун.**



Дандеруссиналда гьединго гIахьаллъи гьабуна районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIасан ГIалихIажиевас, муниципалитеталъул архитектураялъул, бакIал раялъул ва ЖКХялъул идараялъул нухмалъулев ХIажимурад АхIмаднабиевас, школазул директорзабаз ва цогидаз.

Гъалип Гъалиповас лъазабуна цIалул идарабазда капиталияб ремонт гьабиялъул хIалтIаби ракIбацIцIадго тIураян ва гIужда рагIалде рахьинареян. 2023-абилеб соналъ Бакълъул районалъе рес щвана микьго школа къачIазе. 130 млн гъурущ уна капиталияб ремонт гьабиялъул программаялде гъорлъе ккарал школазда хIалтIаби гьарулаго.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# Администрациялъул вакилзабаз тукабазул халгъабуна

**Районалъул бетIерасул заместитель МухтарахIмад АхIмадовасул бетIерлъиялда росдал магIишаталъул ва экономикаялъул идараялъул нухмалъулесул заместитель Хайрудин Халидовасул, гьеб идараялъул хIалтIухъан Мурад ГIабдурахIмановасул ва цогидазул гIахьаллъигун коммерческиял бакIазул халгъабиялъул тадбир тIобитIана араб анкьалъ.**



Муниципалитеталъул администрациялъул вакилзабаз халгъабуна даран-базар гьабулез контрольно кассовиял аппаратал лъеялъул, захIматалъул къотIи-къаял гьариялъул, налоговиял законал тIуразариялъул ва гь. ц.

Предпринимателазулгун гьабуна гара-чIвари ва лъазабуна улкаялда нухдаинарула ругел тIалабазда рекъон даран-базар гьабиялъул иш гIуцIеян.

**Макка МухIамадова**

ЧIАХЪАГИ МАГIАРУЛАЛ

# СВОялъул рагъухъан ХIажимухIамад Шапиевасул хъизаналъухъе щвана Курсанат ХIабибова

**Килалъ росдал «Чебурашка» ясли-ахалъул нухмалъулей Курсанат ХIабибова гьоболлухъ щвана СВОялъул гIахьалчи гвардиялъул гьитIинав сержант ХIажимухIамад Шапиевасул хъизаналъухъе. Гьесул вас ХIисматулае Курсанатица сайгъат гьаруна расанкIаби ва цогидал сайгъатал.**



Шапиевасул хъизамалъе кIвараб кумек гьабулеб буго цогидал ракьцоязги. Гьедин, росдал депутатазул Собраниялъул депутат АхIмад Гъалиповасул жигаралдалъун къачIана Шапиевасул мина бугеб кватI. Бакълъулаз гьоркьоса къотIичIого гьабулеб буго фронталъе кумек.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БЕРГЬЕНЛЪАБИ

# Республикаялъулаб эркенаб гугариялъул турниралда лъикIал хIасилал рихьизаруна

**Рагъулал лъугьа-бахьиназул ветеран Арсен Айдемиров ракIалдещвеялъул Республикаялъулаб турниралда Бакълъул мухъалдаса гьитIинал гугарухъабаз лъикIал хIасилал рихьизаруна. ДРялъул спорталъул ва физическияб культураялъул министерствоялъ гьел къецал тIоритIула щибаб соналъ.**

Килалъ росулъа МухIамад МухIамадовас, 60 кг цIайиялде щвезегIан цеве вахъарав, тIоцебесеб бакI босана. ГIарцулав призерлъун вахъана Игьалиса ГIабасхIажи МухIамадов (42 кг цIайиялде щвезегIан). 65 кг цIайиялде щвезегIан цере рахъаразда гьоркьоп ХIамзат МухIамадовасе (Килалъ) лъабабилеб бакI щвана. Гьарула районалъул гугарухъабазе нахъеккунги чIахIиял бергьенлъаби.

**«Гумбет» РИО**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# ГIолилазул вакилзаби гIахьаллъана армиялде унев ракьцояв нухарегIиялъулъ

**Районалъул спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул сиясаталъул комитеталъул хIалтIухъабазгIахьаллъигьабуна армиялде хьулухъ гьабизе унев МелъелтIа росулъа**



**ТIайгибов ГIабдулхIамид нухарегIиялъулъ. Жинда тIадаб борч борхизе унев ТIайгибовасе ХIабиб ГIабасовас ва МухIамад ХIамидовас гьарана икъбал ва щулияб сахлъи.**

Анц-анцI васал унел руго Бакълъул мухъалдаса Россиялъул армиялде хьулухъ гьабизе. ВатIан бокьиялъул суалазде кIудияб кIвар кьола районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас. Ихдалил армиялде гIолохъаби ахIиялъул суалал тIурайги къиматаб даражаялда унеб буго муниципалитеталда.

**Макка МухIамадова**

ХIАРАКАТАЛЪУЛЪ – БАРАКАТ

# Муртаза Эфендиев – ДРялъул Минобрнаукаялъул экспертнияб гIуцIиялъул гIахьалчи

**Дагъистаналъул лъайкьеялъул ва гIелмабазул министр ЯхIя Бучаевас Бакълъул районалъул Игьали росулъа гIурус мацIалъул ва адабияталъул мугIалим Муртаза Эфендиев ДРялъул Минобрнаукаялъул экспертнияб педагогическияб советалде гьорлъе жувана.**



Эфендиев Муртаза МухIамадович гьединго вахъана «Бергьенлъиялъул нухдасан» абураб методическиял разработкабазул Республикаялъулаб конкурсалъул призерлъунги. Эфендиев гьединго ккола Россиялъул гIаммаб лъайкьеялъул хIурматияв хIалтIухъанги.

Баркула Муртаза Эфендиевасда ДРялъул Минобрнаукаялъул экспертнияб советалде гьорлъе ккей, гьарула гьесие нахъеккунги церетIеял.

**«Гумбет» РИО**

# Килалъа Анас МухIамадов мазгарул медалалъе мустахIикълъана

**Бакълъул районалъул Килалъ росулъа Анас МухIамадов Грозный шагьаралда тIобитIараб эркенаб гугариялъул турниралда**




**68 кг цIайиялде щвезегIан цере рахъаразда гьоркьов мазгарул медалалъе мустахIикълъана.**

Къецал гIуцIун рукIана 2005-2012-абилел соназ гьурурал гIолилазда гьоркьор. Спортивияб тадбир тIобитIана «Спорт наркотиказде данде» абураб регионалияб проект нухдаинабиялда рекъон. Гьарула Анас МухIамадовасе щулияб сахлъи ва нахъеккунги церетIеял.

**«Гумбет» РИО**

ЧIАХЪАГИ МАГIАРУЛАЛ

## НурухIма МухIамадов харабахъе щвана

**Социалияв хIалтIухъанасул къоялъ Бакълъул мухъалда бугеб Россиялъул социалияб ва пенсионнияб Фондалъул клиентскияб хъулухъ гьаби-**



**ялъул идараялъул нухмалъулев НурухIма МухIамадов щвана КIудияб ВатIанияб рагъул ветеран Къурбан МухIамадовасул хъизан Загьидат Шагьрудиновалъухъе. Сайгъат гьабуна гьелъие кванил нигIматал ва гь. ц.**

Гьединго щвана нухазе хъулухъ гьабиялъул ветеран МухIамад Насибовасухъе. НурухIма МухIамадовасул рагIабазда рекъон, харабазул тIалаб-агъаз гьаби – инсанасда рекъараб иш.

**«Гумбет» РИО**

СТРАНА ГОР

## Уроженец села Аргвани Иса Исаев – депутат Думы Гагаринского района Смоленской области

**Газета «Гжатский вестник» опубликовала развернутое интервью с политиком, бизнесменом и меценатом. Иса Исаев также помогает жителям АСП «Сельсовет “Аргванинский”», выделил средства для приобретения пожарной машины. С публикацией о нашем земляке можно ознакомиться по данной ссылке: http://gagarin-gazeta.ru/2023-06-01/isa-isaev-my-takie-zhe-volontyory-lider-prajmeriz-v-rajone-o-rabote-v-okruge-neizmennom-meste-vstrechi-i-turizme/**



**«Гумбет» РИО**

СТРАНА ГОР

## «Движение первых» объявило о старте грантового конкурса

**Российское движение детей и молодёжи «Движение первых» информирует о старте грантового конкур-**




**са, сообщает сетевое издание «Мирмол».**

В состязании могут принять участие школы, колледжи и вузы, детские лагеря, музеи и библиотеки, спортивные клубы, молодежные и детские НКО и др. На конкурсе можно презентовать проекты, которые помогут вовлечь в активную общественно значимую деятельность тех детей и подростков, которые прежде в ней не участвовали.

**«Гумбет» РИО**

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Чирката»

**РЕШЕНИЕ №4**

**от 30 марта 2023 г.** **с. Чирката**

### «Об утверждении отчета об исполнении бюджета СП «Село Чирката» за 2022 год

**Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ « Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом АСП «село Чир-ката», послушав доклад главы сельского поселения об исполнении бюджета МО «село Чирката» за 2022 год Собрание депутатов:**

РЕШАЕТ:

1.Утвердить отчет об исполнении бюджета МО «село Чир-ката» Гумбе-товского района за 2022 год:

- по доходам в сумме 9248,8 тыс. рублей согласно приложе-нии №1 к настояще-му решению

- по расходам в сумме 8044,4 тысяча рублей согласно приложении №2 к настоящему решению.(источником финансирования дефицита бюджета 2022 года является остаток бюджетных средств на 01.01.2022 г -1964,4 тыс.руб)

2. Настоящее решение вступает в силу с момента принятия и подлежит офици-ально-му опубликованию в районной газете «Гумбет»

**Председатель Собрания**
**М.М.Магомедханов**

**Приложение №4**
**к решению Собрания депутатов АСП «Село Чирката» от 30 марта 2023 г.**

(тыс. руб.)

| Наименование показателей | КОДЫ классификации доходов бюджетов | План на 2022 год | Фактически исполнено за 2022 год | % испол-нения |
|---|---|---|---|---|
| Налог на доходы физических лиц | 18210102010011000110 | 55,0 | 77,1 | 140,2 |
| Налог на имущество физических лиц | 18210601030100000110 | 47,0 | 48,2 | 102,6 |
| Пения на налог на имущество физич. лиц | 18210601030100000110 | | | |
| Единый сельскохозналог | 18210503000000000110 | | 1,7 | |
| Земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033101000110 | 372,0 | 376,9 | 101,3 |
| Пения на земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033102100110 | | | |
| Земельный налог (пп2п1ст394) | 18210606043101000110 | | | |
| Неналоговые доходы | 00111705050100000180 | 3221,0 | 3221,0 | 100,0 |
| ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ | | 3695,0 | 3724,9 | 100,8 |
| БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ | | 5523,9 | 5523,9 | 100,0 |
| Дотация сельскому поселению из ФФПП | 00120201001100000151 | 2882,0 | 2882,0 | 100,0 |
| Субсидии в.т числе | | 2530,0 | 2530,0 | 100,0 |
| Субсидии бюджетам поселений на строительство модернизацию, ремонт и содержании автомобильных дорог общего пользования | 00120202041100000151 | 2350,0 | 2350,0 | 100,0 |
| Иные межбюджетные трансферты в т.ч. средства бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий | 00120204014100000151 | 180,0 | 180,0 | 100,0 |
| Субвенции | | 111,9 | 111,9 | 100,0 |
| | в том числе | | | |
| Выполнение полномочии по первичному воинскому учету на территориях, где отсуствуют военные комиссариаты (ВУС) | 00120203015100000151 | 111,9 | 111,9 | 100,0 |
| ВСЕГО ДОХОДОВ | | 9218,9 | 9248,8 | 100,3 |

**(Продолжение - на 4 стр.)**

СТРАНА ГОР

# Дагестан в 3 раза перевыполнил норму по производству овощей, установленную Доктриной продовольственной безопасности России

**На заседании Правительства РД под руководством премьер-министра Абдулмуслима Абдулмуслимова рассмотрели вопрос обеспечения продовольственной безопасности в регионе, сообщает РИА «Дагестан».**



В ходе мероприятия Абдулмуслим Абдулмуслимов проинформировал, что в 2022 году регион превысил показатели по выращиванию овощей (293,9 % при пороговом значении 90 %), картофелю (117,1 % при пороговом значение 95 %) и плодам без цитрусовых и винограда (75,5 % при пороговом значении 60 %). «Благодаря мерам господдержки положительная динамика наблюдается в производстве риса, баранины и говядины.

Вместе с тем, по ряду социально значимых видов продовольствия остается низкий уровень самообеспеченности. Такая ситуация наблюдается в производстве яиц, мяса птицы, рыбе и рыбопродуктам»,- сказал Абдулмуслимов.

**РИО «Гумбет»**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# О появившейся возможности регистрации иностранных граждан

**Уважаемые жители Гумбетовского района! Миграционный пункт ОМВД России по Гумбетовскому району информирует о том, что на сайте Госуслуг можно временно зарегистрировать у себя иностранца. На портале Госуслуг появился новый сервис, с помощью которого владелец жилья может временно зарегистрировать у себя иностранца.**

**Что такое временный учет?**

Уведомить МВД о том, что у него остановился иностранец, владелец жилья обязан по закону. Точно так же поступают и гостиницы. Это временный учет по месту пребывания. Уведомить МВД нужно в течение 7 дней с даты приезда гостя, иначе и иностранцу, и хозяину помещения может грозить штраф. Раньше, чтобы сделать это, нужно было идти на почту, в МФЦ или отделение МВД.

**Как подать заявление на Госулугах**

1. Зайдите на портал Госуслуг и выберите сервис «Уведомления о прибытии и убытии иностранцев».

2. Подтвердите свои личные данные (ФИО, телефон, адрес, почту).

3. Укажите адрес пребывания иностранного гражданина в России.

4. Укажите личные данные иностранца (ФИО на русском и латинице, год и место рождения, гражданство и т.д.), реквизиты документа, удостоверяющего личность.

5. Укажите реквизиты документов, подтверждающих легальность пребывания иностранца на территории России (миграционной карты, разрешения на проживание, вида на жительство, визы и т.д.).

6. Укажите даты пребывания иностранца у вас.

7. Загрузите скан-копии документов (паспорта, миграционной карты, трудового договора или документа, подтверждающего родство). 8. Отправьте заявление.

Результат услуги придет в личный кабинет в течение 1 рабочего дня. Что будет, если иностранец не встанет на временный учет? Иностранцу грозит: штраф от 2 до 5 тыс. руб., выдворение за пределы России. Владельцу жилья грозит: штраф от 2 до 5 тыс. рублей.

**С уважением, начальник ОМВД России по Гумбетовскому району полковник полиции М.А. Магомедов**

(Начало - на 3 стр.)

**Приложение №4 к решению Собрания депутатов АСП «Село Чирката» от 30 марта 2023 г.**

**Расходы бюджета сельского поселения «Село Чирката» за 2022 год**

(тыс. руб.)

| Наименование | адм. | Рз | ПР | ЦСР | Лимит бюджетных обязательств на 2022 год | Кассо вые выплаты за 2022 год | % выпол нения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ВСЕГО | | | | | 8047,4 | 8044,4 | 100,0 |
| Общегосударственные вопросы | 001 | 01 | 00 | | 4028,0 | 4026,3 | 100,0 |
| Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов госуд.власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 4028,0 | 4026,3 | 0,0 |
| Национальная оборона | 001 | 02 | 00 | | 111,9 | 111,9 | 100,0 |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 111,9 | 111,9 | 100,0 |
| Национальная безопасность и провохранительная деятельность | 001 | 03 | 00 | | | | |
| Национальная экономика | 001 | 04 | 00 | | 2480,5 | 2480,5 | 100,0 |
| Инные межбюджетные трансферты в т.ч. средства бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий | 001 | 20 | 24 | 001410000 | 180,0 | 180,0 | 100,0 |
| Дорожный фонд | 001 | 20 | 22 | 004110000 | 2300,5 | 2300,5 | 100,0 |
| Жилищно-коммунальное хозяйство | 001 | 05 | 00 | | 844,0 | 843,3 | 99,9 |
| Благоустройство | 001 | 05 | 03 | 9900040010 | 844,0 | 843,3 | 99,9 |
| Культура и кинематография | 001 | 08 | 00 | | 483,0 | 482,4 | 99,9 |
| Културно досуговый центр | 001 | 08 | 01 | 9900080010 | 483,0 | 482,4 | 99,9 |
| Социальная поллитика | 001 | 10 | 00 | | 60,0 | 60,0 | 100,0 |
| Пенсионное обеспечение (доплата к пенс) | 001 | 10 | 01 | 9900090010 | 60,0 | 60,0 | 100,0 |
| Молодежная политика | 001 | 07 | 07 | 9900070050 | 10,0 | 10,0 | 100,0 |
| Физкультура и спорт | 001 | 11 | 02 | 9900090100 | 30,0 | 30,0 | 100,0 |
| Генеральное планирование села | | | | | | 0,0 | 0,0 |

РИТМ ГУМБЕТА

# Завершился перегон МРС хозяйств Гумбета на альпийские луга

**Успешно завершился весенний перегон мелкого рогатого скота хозяйств Гумбетовского района из зимних пастбищ на альпийские луга.**

Отары овец и коз прошли сотни километров и через Харибский перевал добрались до летних пастбищ. Начальник управления сельского хозяйства, экономики и имущественных отношений администрации Гумбетовского района Магомед Абдулхалимов рассказал, что перегон прошёл без чрезвычайных происшествий. Напомним, что животноводческие хозяйства Гумбета удостаивались медалей на различных ярмарках, выставках и конкурсах.

**РИО «Гумбет»**


БетІерав редактор: ХІамзат МухІамадович ГІизудинов
телефон: 26-254
Газета гІуцІаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтІа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГІабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухІамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухІамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахІачхъала, Петр ТІоцевесесул къватІ, 61

Газета къватІибе бачІунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цІаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватІибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хІакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144


Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.